



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU PI BYEN SIPÒTE GRANMOUN YO AK ASISTE ENDISTRI RESTORAN AN NAN MITAN PANDEMI COVID-19 LA

Renouvèlman ak anrejistreman san danje pou avantaj enpo sou byen imobilye yo

Delè enpò sou lavant pou restoran yo pwolonje jiska mas 2021

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li te siyen yon Dekrè Egzekitif (Executive Order) ki bay sipò anplis pou de (2) nan gwoup ki frape pi di anba pandemi COVID-19 la - pwopriyetè vilnerab yo ak endistri restoran an. Selon [Dekrè Egzekitif 202.83](#) a, gouvènman lokal yo kapab kontinye bay egzonerasyon enpo sou pwopriyete pou sitwayen ki granmoun aje ki gen revni fèb yo ak moun ki gen andikap ki posede pwopriyete yo jiska 2021 gras a anilasyon yon egzijans pou renouvèlman an pèsòn ki t ap mete Nouyòkè vilnerab yo anba risk enfeksyon COVID la. Anplis de sa, delè enpo sou lavant pou restoran yo nan zòn jònabriko yo ke yo te egzije pou yo sispann sèvis manje andedan yo pral pwolonje jiska mas.

"COVID te teste fòs kolektif nou epi li te mete yon presyon sou finans pou anpil Nouyòkè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap pran mezi ki pral bay yon soulajman nan enpo ki nesèsè anpil pou kèk nan sila yo ki te frape pi di anba pandemi sa a - Nouyòkè ki gen plis pase 65 ane yo ak endistri restoran an. Pandan nou ap wè liy darive a, nou pral kontinye sipòte Nouyòkè yo kèlkeswa jan sa posib epi nou pral konbat pou nou fè gouvènman federal la bay soulajman reyèl pou sila yo ki gen difikilte."

Plizyè milye sitwayen granmoun aje ki gen revni ba ak moun ki gen andikap yo konte sou egzonerasyon enpo sou pwopriyete chak ane pou yo ka rete lakay yo. Pou reklame oswa renouvle avantaj yo, granmoun ki aje ak Nouyòkè ki gen andikap ki elijib yo nòmalman fè liy nan meri yo nan tout Eta a pou yo depoze dokiman yo egzije yo. Sa ogmante preyokipasyon ki evidan yo nan mitan ijans sante piblik COVID-19 la pandan ke sila yo ki elijib pou resevwa avantaj sa yo twouve yo pami sila yo ki plis siseptib pou gen viris la. Modifikasyon sa a pral diminye dansite nan biwo enspektè kontribisyon yo pou limite pwopagasyon COVID la epi asire soulajman enpo ki enpòtan.

Selon Dekrè Egzekitif Gouvènè a, gouvènman lokal yo kapab renouvle otomatikman avantaj 2021 yo pou tout pwopriyete yo ki te resevwa avantaj an 2020 an sòf si lokalite a genyen rezon pou li kwè ke yon moun te chanje adrès prensipal li a, li te

ajoute yon lòt pwopriyetè nan tit pwopriyete a, li te transfere pwopriyete a bay yon nouvo pwopriyetè, oswa li te mouri.

Anplis de fleksibilite li bay pou avantaj sa yo, Dekrè Egzekitif Gouvènè a bay yon pwolonjman twa mwa nan delè pou restoran yo nan zòn jòn abriko yo, gen ladan Vil New York, pou yo retounen lenpo sou lavant bay Eta a. Yo te egzije restoran yo ki nan zòn ki afekte yo pou yo sispann sèvis manje andedan tanporèman. Lè nou pwolonje delè lenpo sou lavant la pou peman enpo yo dwe ant dat 21 desanm ak mas 2021, sa pral soulaje fado enpo pou restoran ak ba yo nan kominote kote kritè sou COVID-19 yo te mande restriksyon anplis. Mezi sa a bay tou yon nivo soulajman tanporè pandan New York ap kontinye konbat pou li asire ke gouvènman federal la bay soulajman fiskal reyèl pou ti biznis sa yo. Restoran yo ta dwe swiv [direktiv ki soti nan Depatman Enpo a](#) pou yo mande soulajman sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)